



Pou Piblikasyon Imedya: 24/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINANSMAN POU KOLÈJ KOMINOTÈ SUNY POU  
PREPARE MENDÈV SWEN SANTE A, SATISFÈ BEZWEN SANTE MANTAL  
ETIDYAN YO**

***Ogmantasyon fonksyònman 8 milyon dola nan bidjè Eta a se premye fwa sa fèt  
nan nèf ane***

***Rekè SUNY an King te rejwenn lidè Broome ak Binghamton yo, etidyan yo,  
pwofesè yo, ofisyèl eli yo, ak patnè biznis yo pou yo adrese envestisman enpòtan  
an***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 8 milyon dola nan finansman anyèl renouvlab pou 30 kolèj kominotè Inivèsite Eta New York (State University of New York, SUNY) — premye ogmantasyon nan prèske yon deseni — pou avanse objektif swen sante ak sante mantal pou Eta New York ak sistèm SUNY an. Yo pral itilize 5 milyon dola pou sipòte envestisman kolèj kominotè yo pou ogmante enskripsyon nan pwogram edikatif swen sante yo ak achèvman yo, pou sipòte objektif Gouvènè a pou ogmante mendèv swen sante Eta a 20 pousan pandan 5 pwochen ane yo. Y ap itilize 3 milyon dola ki rete yo pou ogmante sipò sante mantal pou elèv SUNY yo, ke yo toujou idantifye kòm yon bezwen enpòtan nan kanpis la.

"Envestisman sa a nan kolèj kominotè nou yo se yon lòt gwo etap pou konstwi pi bon enstitisyon edikasyon piblik nan peyi a, pou satisfè bezwen elèv nou yo pou yo reyisi nan travay ki gen anpil demann atravè eta nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pran tèt swen sante enpòtan pou Nouyòkè yo, epi finansman sa a ap prepare plis elèv pou reyisi ak pwogram akademik solid ak resous pou pwòp sante mantal ak byennèt pa yo."

**Senatè Eta, Toby Ann Stavisky, te deklare,** "Finansman sa a pral ede ranfòse enskripsyon yo nan envesti nan bezwen k ap grandi pou travayè swen sante yo. Kolèj Kominotè SUNY yo pral gen opòtinite pou edike elèv yo nan yon zòn ki bezwen yon mendèv edike pou ede redwi mank yo prevwa. Tout Nouyòkè pral benefisye."

**Manm Asanble Patricia Fahy te deklare,** "Envesti nan kolèj kominotè nou yo vle di envesti nan kominote nou yo atravè New York ak nan siksè elèv yo. Antanke yon premye jenerasyon ki gradye nan kolèj, kolèj kominotè te enpòtan anpil nan pakou mwen pou m rive jwenn yon edikasyon siperyè epi li ouvri pòt pou plizyè milye etidyan

chak ane, espesyalman moun ki soti nan orijin defavorize epi ki pa tradisyonèl yo. Ogmantasyon finansman ane sa a se yon refleksyon wòl enpòtan kolèj kominotè yo jwe isit nan Eta New York, epi mwen pa ka tann pou m travay ak kolèg mwen Senatè Toby Ann Stavisky ak plis ankò pou kontinye pwogrè sa a epi jwenn plis èd alavni."

Chanselye SUNY John B. King Jr. te selebre investisman enpòtan sa a nan kolèj kominotè yo ak yon vizit nan Decker Health Science Center SUNY Broome lan. SUNY Broome pral investi alokasyon 450,000 dola li a pou elaji pwogram edikasyon enfimyè li a pou sèvi 45 pousan plis elèv chak ane — soti nan 132 nan dènye ane akademik sa a rive nan 192 elèv disi 2026-2027 — epi pou anboche yon jesyonè ka ki pral konsantre sou bezwen sante mantal elèv yo.

**Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare,** "Ogmantasyon investisman eta a nan kolèj kominotè SUNY yo pral prepare elèv yo pou karyè swen sante ki gen anpil demann – sa k ap ede konble yon mank kritik – epi elaji sèvis sante mantal pou ogmante byennèt ak siksè elèv yo. Mwen bay Gouvènè Hochul ak Lejislati Eta a apresyasyon mwen pou investisman kontinyèl yo nan siksè SUNY ak elèv n ap sèvi yo, epi finalman siksè tout eta nou an."

**Eric Corngold, Administratè Konsèy Administrasyon SUNY, te deklare,** "Nou dwe pran devan mank mendèv swen sante a pou asire bon jan kalite swen dirab pou pasyan New York ak jenerasyon k ap vini yo. Mwen fyè pou m sèvi kòm manm Konsèy Administrasyon SUNY pandan n ap kontinye jwenn solisyon pou adrese kèk nan pi gwo pwoblèm ki afekte elèv nou yo ak eta nou an."

**Robert Duffy, Administratè Konsèy Administrasyon SUNY te deklare,** "Ak sipò finansye kontinyèl nan men Gouvènè Hochul ak lejislati eta a, n ap kontinye jwenn fason pou nou ranfòse aksè ak mendèv swen sante a, epi adrese pwoblèm sante mantal nan kanpis la, tout pandan n ap asire tout Nouyòkè yo gen aksè a bon jan kalite edikasyon siperyè piblik abòdab."

**Prezidan Kolèj Kominotè SUNY Broome ak manm Gwoup Travay sou Travayè Swen Sante Alavni an, Tony Hawkins, te deklare,** "SUNY Broome jwe yon wòl absoliman vital nan fòmasyon pwofesyonèl swen sante ki kontinye fè kèk nan travay ki pi esansyèl sosyete a nan etablisman medikal atravè eta a. Nou remèsye sistèm SUNY pou opòtinite pou bay plis etidyan enfimyè alavni aksè ak pwogram enfimyè eksepsyonèl epi ki trè konpetitif Kolèj la epi finalman ede soulaje mank travayè swen sante k ap kontinye a. Nou pwofondman apresye tou lefètke nou kapab elaji resous sante mantal nou yo, paske pa gen plis priyorite pou nou pase byennèt mantal ak sosyal emosyonèl elèv nou yo."

**Manm Asanble Donna Lupardo te deklare,** "Rezo Kolèj Kominotè SUNY nou an se veyikil pafè pou inisyativ devlopman mendèv eta a. Yo pare pou elaji opòtinite fòmasyon nan swen sante ak lòt zòn ki gen mank kritik. Nouvo finansman sa a pral sipòte pwogram swen sante ekselan SUNY Broome, pandan l ap bay elèv yo resous sante

mantal ki nesèsè yo. Mwen ta renmen remèsye Chanselye King dèske li pase tan avèk nou jodi a nan mete aksan sou enpòtans kolèj kominotè nou yo."

**Manm Asanble Joe Angelino te deklare,** "Mank travayè swen sante a fè tout moun mal nan New York, nou dwe fè tout sa nou kapab pou ede atire plis moun nan domèn swen sante a. Envesti nan angajman jèn nou yo se yon gwo itilizasyon resous. Mwen trè kontan tou pou m wè yo ap abòde kriz sante mantal k ap fèt atravè peyi a ak nan New York."

### **Envestisman nan Mendèv Swen Sante**

Pou atenn objektif anbisye Gouvènè Hochul la epi travay pou jwenn solisyon pou abòde mank pwofesyonèl swen sante yo, SUNY te konvoke "Gwoup Travay sou Travayè Swen Sante Alavni" (Future of Health Care Workforce Task Force), ki te konsantre sou elaji kapasite edikatif SUNY nan pwofesyon swen sante yo, ranfòse chemen yo ak kanalizasyon yo pou elèv ki enterese nan swen sante, ak inovè ak alinye edikasyon ak bezwen endistri swen sante yo.

Chak kanpis pral resevwa yon maksimòm 350,000 dola ak yon prim minimòm 75,000 dola nan men envestisman renouvlab nan mendèv swen sante 5 milyon dola, ki pral ede kolèj kominotè SUNY yo:

- Anboche pwofesè yo epi elaji oswa etabli nouvo pwogram swen sante;
- Amelyore espas similasyon;
- Etabli nouvo patenarya/chemen ak lòt pwogram sante kanpis SUNY; ak
- Kreye patenarya ant kanpis yo ak kominote yo sèvi yo, tankou lekòl segondè, òganizasyon lokal yo, BOCES ak patenarya kanpis-anplwayè.

### **Envestisman Sante Mantal**

Sante mantal se yon defi enpòtan pou anpil etidyan kolèj atravè nasyon an ak SUNY. [Ankèt nasyonal anyèl Healthy Minds Survey 2023](#), ki fè sondaj sou etidyan kolèj yo, rapòte elèv yo fè fas ak depresyon ak enkyetid nan yon pousantaj 41 pousan ak 36 pousan respektivman. Apeprè de tyè nan kolèj kominotè SUNY gen sant konsèy kounye a epi kèk sèvi ak sèvis tele-konsèy pou kraze baryè ki genyen nan swen sante mantal epi adrese mank pwofesyonèl sante mantal lokal yo.

Chak kolèj kominotè pral resevwa 100,000 dola chak ane nan envèstisman 3 milyon dola nan sante mantal pou:

- Anboche nouvo pwofesyonèl sante mantal ak anplwaye;
- Bay nouvo efò oswa devlope efò konsèy vityèl an matyè tele-sante;
- Ofri inisyativ byennèt ki entegre nan devlopman mendèv ak/oswa pwogram tranzisyon kolèj pou karyè; ak
- Devlope oswa amelyore inisyativ pou destigmatize rechèche sipò sante mantal.

## **Prezantasyon State University of New York**

State University of New York se pi gwo sistèm konplè edikasyon siperyè nan Etazini, epi plis pase 95 pousan nan tout Nouyòkè yo ap viv nan yon distans 48 km de nenpòt nan 64 fakilte oswa inivèsite SUNY yo. Nan tout sistèm nan, SUNY gen kat sant sante akademik, senk lopital, kat lekòl medikal, de lekòl dantè, yon lekòl dwa, pi ansyen lekòl maritim nan peyi a, sèl kolèj optometri eta a, epi li jere yon Laboratwa Nasyonal Depatman Enèji Etazini. An total, SUNY sèvi anviwon 1.4 milyon etidyan nan tout pòtfèy kou ak pwogram kredi epi ki pa mande kredi, edikasyon kontinyèl ak pwogram sansibilizasyon kominotè yo. SUNY an siveye prèske yon ka nan rechèch akademik nan New York. Depans pou rechèch yo nan tout sistèm nan te prèske 1.1 milya dola nan ane fiskal 2023 an, ki gen ladan gwo kontribisyon nan men etidyan ak pwofesè yo. Genyen plis pase twa milyon ansyen etidyan SUNY nan monn lan epi youn sou chak twa Nouyòkè ki genyen yon diplòm inivèsite se yon ansyen etidyan SUNY. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, vizite [www.suny.edu](http://www.suny.edu).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)

Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)